


# Seminè sou P3

## 22 fevriye 2021

boston planning &
development agency

# Anrejistreman

Sou demann manm kominotè yo, yap anrejistre reyinyon sa a epi yap afiche li nan paj entènèt Plan Prensipal Estratejik Roxbury (Roxbury Strategic Master Plan) nan **bit.ly/PlanNubian** pou moun ki pa ka patisipe nan reyinyon Zoom andirèk (live).

Epitou, gen posibilite pou patisipan yo anrejistre reyinyon an ak kamera telefòn yo oswa ak lòt aparèy. Si w pa vle yo anrejistre w pandan reyinyon an, tanpri etenn mikwofòn ou ak kamera w.

Si kamera w ak mikwofòn ou etenn, ou ka patisipe kanmenm atravè opsyon text tchat la.

# Entèpretasyon ak Tradiksyon







“Spanish” pou panyòl
“Haitian Creole” pou kreyòl ayisyen
“English” pou angle

# Gid pou itilize Zoom

Byenvini! Men kèk konsèy pou moun kap itilize Zoom pou premye fwa yo.

Kòmand ou yo parèt sou pati anba ekran an




Nenpòt lè w gen yon kòmantè oswa yon kesyon, itilize tchat la pou tape li – Se manm BPDA yo ki pral modere tchat la




Pou ka leve men w, annik klike sou "Participants (Patisipan)" ki anba ekran w la, epi chwazi opsyon "Raise Hand (Leve Men w)" nan kaz patisipan an, oswa prese *9 sou telefòn ou an




Mete sou Silans (mute)/Wete sou silans (unmute) – Pandan prezantasyon an ap fèt, yo pral mete patisipan yo sou silans – si w leve men w epi se tou pa w pou pale, moderatè a va wete w sou silans pandan diskisyon an ap fèt. Pou mete oswa wete telefòn ou silans, annik peze *6.




Aktive/dezaktive fonskyon videyo a

# Etik Zoom

Nou vle asire konvèsasyon sa a se yon konvèsasyon ki enteresan pou tout patisipan yo.

- Tanpri, mete telefòn/aparèy ou a sou silans jiskaske yo rele w. Si w ta renmen pale nan moman sa a, tanpri itilize fonksyon “Raise Hand (Leve Men)” ki nan Zoom nan.
- Tanpri, respekte tan yo bay chak moun pou pale.
- Nap mande tout patisipan pou limite kesyon yo pou pèmèt lòt moun patisipe nan diskisyon an. Si w gen plis kesyon, tanpri tann jiskaske tout lòt patisipan yo jwenn opòtinote pou yo poze kesyon.
- Si nan reyinyon sa a nou pa gen tan rive sou kesyon w lan, tanpri ekri kesyon w yo nan "Chat" la nan fen reyinyon an oswa voye yo pa imèl bay Kelly.sherman@boston.gov

# Ajennda

## Prezantasyon

- Objektif miting sa a
- PLAN: Pwosesis Nubian Square jiska Dat
- Kalandriye P3
- Prezantasyon P3

## Kesyon + Kòmantè - (antyèman)

## Pwochen Etap yo

# Poukisa nou isit la aswè a?

- Kontinye PLAN an: Pwosesis Nubian Square
- Diskite kijan P3 antre nan Nubian Square
- Diskite fiti P3
- Deside Pwochen Etap pwosesis la

# Pwosesis la jiska Dar



# PLAN: Zòn Nubian Square




Limit Zòn Etid Nubian Square

Pasèl Deziyen

Pasèl Deziyen Pwovizwa

Pasèl Devlopman Sou Revizyon pou RFP

Sit RFP

# Sityasyon Pasèl la

**Revize Atik 80:**

**Gwo Pwojè**
2147 Washington – Konsèy la Apwouve l
Teren Blair – Sou Revizyon
135 Dudley Street – Sou Revizyon

**Ti Pwojè**
75-80 Dudley – Konsèy la Apwouve l
40-50 Warren – Konsèy la Apwouve l

**Yap revize dokiman yo soumèt yo**
Pasèl 8

**RFPS yo soumèt:**
Crescent Parcel - Dat limit pou soumèt yo se 21 vril

# PLAN: Prensip Nubian Square yo

**Konsistans ak istwa amenajman zòn nan:** Plan Prensipal Estratejik Roxbury, Vizyon Dudley, Distrik Kiltirèl. Devlopman antanke vektè pou pwomouvwa atizay, kilti, edikasyon, komès ak antrepriz ki vann andetay.

**Devlopman ekonomik:** Ankouraje antrepriz lokal ak kreye travay, bay antrepriz lokal, ti antrepriz ak antrepriz dezavantaje opòtimine maksimòm, kreye travay epi bay fòmasyon pwofesyonèl pou moun koulè ak fanm.

**Lojman abòdap:** Pami inite abitasyon yo, fòk de-tyè ladan yo se inite abitasyon abòdab ki gen restriksyon sou revni, e ladann fòk gen yon tyè nan itinite abitasyon yo ki sible fanmi ki gen revni ba oswa modere; epi yon tyè inite abitasyon ki sible fanmi ki gen revni mwayen.

**Devlopman ki bon, ki dirab e ki solid:** Fòk pwopozisyon yo enkàne objektif kominote a ak Vil la etabli pou nouvo konstriksyon ki bon, ki diran e ki solid, ikonpri angajman Majistra Walsh pran Boston pa gen kabòn an 2050 (Carbon Neutral Boston 2050). Pwopozisyon yo dwe sible enèji zewo nèt oswa pèfòmans kabòn zewo nèt.

**Devlopman san deplasman:** Fòk devlopman yo pwopoze yo ede rezidan ki rete aktyèlman nan Roxbury pèmèt tèt yo viv nan kominote yo epi pou yo jwenn chimen pou ba yo opòtinite ekonomik.

**Kritè pou Bon Travay:** Fòk pwopozisyon yo ankouraje bon travay pèmanan sou plas, epi fòk yo pran angajman pou anplwaye moun san paspouki e se sa kap fasilite patisipasyon moun Roxbury ak moun Nubian Square.

**Divèsite ak Enklizyon:** Fòk pwomotè yo mete sou pye yon plan pou kreye plis opòtinite pou moun koulè, fanm, ak M/WBEs (Antrepriz ki pou Minorite/Antrepriz ki pou Fanm).

# Kalandriye P3 + Objektif

**Seminè 1:**
Pou nou konprann kondisyon ki egziste yo, kijan nou ka planifye avèk sit la, epi idantifye kijan nou pral itilize sit la nan kontèks Nubian Square.

**Seminè 2:**
Itilize kòmantè nan seminè 1 yo epi fè kòmantè apre miting lan, pou n kreye amenajman potansyèl sit la.
Pataje sa ki gen ladan yo epi rekeyi kòmantè sou toulède, Konspesyon ak Pwogram Iben (Urban Design and Program).
Re-aplike nan kontèks Nubian Square

**Seminè 3:**
Mete tout ansanm! Adrese kesyon nou pat rezoud, revize bwouyon RFP epi deside pwochen etap yo.

**Seminè 4: Yap Annonse l/Si gen nesesite**


PLATE 5
PART OF
WARD 9
CITY OF BOSTON.
RUGGLES
ST.
TREMONT
WHITTIER
HAMPSHIRE
VERNON
CABOT
SUMNER
DALLAS
HASKINS
ARMY OF MASS.
SALVATION
OAKBURY
AUBURN
AVE.
WASHINGTON
MARVIN
SHAWMUT
ROXBURY
LAMONT
ST. FRANCIS DE SALES
R.C. SCHOOL
RECTORY
CITY OF BOSTON WILLIAM BACON SCHOOL
GARAGE
HEALTH UNIT
J. W. STRIEDER CO.
CIGAR BOX MF'Y.
LINDEN PARK
PUTNAM
DUDLEY
DUDLEY SCHOOL
CLUB HOUSE
GUILD ROW
SUFFOLK PL.

# Istwa P3- Ane 1960 yo

"Rapò Harvard pibliye sou Lekòl Boston yo an 1962 (The Harvard Report on the Schools of Boston 1962)" bay detay sou feblès 77% etablisman eskolè apeprè, epi li rapòte anpil segregasyon nan sistèm Lekòl Piblik Boston an.

Rapò a pwopoze pou yo itilize Amenajman Iben pou konstwi yon gwo konplèks edikasyon tankou yon "Kanpis" ki modèn e ki plase yon kote nan mitan pou l resevwa 5,500 Elèv Lekòl Piblik Boston kap soti nan tout katye.

Nan kòmansman ane 1966, BRA a pwopoze yon plan pou yo itilize yon terren 57 ak ("acres" ann angle) nan Madison Park pou bati yon lise ak yon teren atletis.



# Istwa P3- Ane 1960 yo

Nan prentan ane sa a, yo te fòme Lower Roxbury Community Corp (LRCC) e se yon seri lidè kominotè tankou Chuck Turner ki tap dirije l.

LRCC mande fè chanjman nan plan an pou yo ajoute "yon nouvo lise ak nouvo kay ki gen pòt sou devan ak lakou dèyè; kay sa yo, se vwazinaj la epi se menm moun nan vwazinaj la kap devlope yo.

.

An 1967, BRA a pwopoze yon "Plan Lise Kanpis (Campus High School Plan)" 136 ak ("acres" ann angle) pou mete yon nouvo lekòl, pou mete lojman pou moun ki gen ti revni ak plis espas ouvè pou kominote a.

LRCC vin tounen Madison Park Development



# Istwa P3 - Plan Prensipal Estratejik Roxbury (pj 102-104)

**Pat gen okenn konsansis ki te fèt nan pwosesis planifikasyon an asavwa ki sa yap fè egzakteman, men anjeneral yo te dakò pou itilize l pou izaj diferan ki ka sèvis Kominote Roxbury.**

**Etid detaye sou Plan Prensipal Estratejik Roxbury -**

1. Vilaj Iben - gratsyèl, edifis wotè mwayen ak kay aliyen (townhouses); yap itilize kwen enpòtan yo pou izaj diferan

1. Konplèks Biwo (Office Park) - nouvo biwo kap ranpli fonksyon komèsyal ak vant an detay nan redchose a ki bay sou Tremont Street;

1. Izaj Diferan - balans ekitab ant itilizasyon rezidansyèl ak itilizasyon ki pa rezidansyèl; yap itilize yon bon pati nan redchose a pou izaj komèsyal, vant an detay ak izaj ki kosantre sou kilti tankou galri, espas benevòl, elatriye.

**Onivo Rezidansyèl** - diferan tip kay, diferan gwosè a pri abòdab ki pou ankouraje moun achte

**Onivo Vant An Detay** - magazen ki pou moun nan zòn nan kap bay rezidan ki rete nan zòn nan sèvis (tankou sipèmakèt, blanchisri, gadri timoun) Gen kèk kap bay sèvis komèsyal epi gen lòt kap vann an detay kòm mwayen pou kreye travay

**Divètisman kiltirèl -**



# Istwa P3 - 200 - 2019



# Kondisyon ki Egziste yo



# Analiz Sit la – Ki sa nou itilize pou n evalye sit la?

**Kondisyon ki Egziste yo**
Ki gwosè sit la? Ak ki lòt kote nou ka konpare l?

**Kontèks Devlopman Aktyèl**
Ki tip devlopman, kit se devlopman yo pwopoze, kit li te egziste deja, ki ozalantou sit la ak nan vwazinaj la?

**Enfrastrikti**
Ki enfrasktrikti elemantè ki gen ladann? Kondui Egou? Riyèl Sou Papye? Sèvis Piblik?

**Sikilasyon Evantyèl**
Kijan pou n konekte sit sa a ak lòt sit yo?
Kijan ka dirije sikilasyon pyeton, machin, elatriye? Ki patisipasyon nou ka bay nan domèn sekirite ak aksè?

# Analiz Sit la – Ki sa nou itilize pou n evalye sit la?

**Rezo Vèt ak Espas Ouvè**

Èske nou ka kreye yon rezo espas ouvè ki serye pou rezidan yo ak ekosistèm lokal la?

**Vwazen P3**

Kiyès ki vwazen sit la e kijan nou ka kowòdone avèk yo?

**Enkyetid Kominote a**

Ki sa ki dwe fèt ak **pa dwe fèt** sou sit sa a?

Kisa kominote a bezwen e ki enyetid li genyen?

Ki opòtinite sit sa a ka bay nan kontèks ki pi laj pou Nubian Square ak Vil la?

Kijan pou n limite priyorite kominote a genyen?

**Sa ki fezab**

Kijan nou ka reyalize objektif sa yo ansanm, youn ak lòt?

# Kondisyon ki Egziste yo



# Ki gwosè sit la?







**Pasèl 3**
**335,000 SF**

**Ink Block, South End**
**594 720**

**Assembly Row, Somerville**
**519 780**

# Ki gwosè sit la?



Pasèl 3
335 000



Bartlett Yards, Roxbury
361 940



Bolling Building, Roxbury
56 280

# Pregunta en Slido

1. Va a **slido.com**
2. Escribe **1115** en el espacio qu dice "Enter code here"

*Etandone gwosè li, kote, ak opòtinite, ki jan ka pasèl sa a sèvi rezidan Roxbury? Ki sa ki ka pasèl sa a pou kominote a?*






# Kontèks Devlopman Aktyèl ak sa yo Pwopoze



# PLAN: Nubian Square

**Inite Total** : 265

**Inite pou Revni Limite** : 204

**Revni pousan Limite**: 76%

**Devlopman Komèsyal** 24,261

# Tout pasèl ki gen nan zòn nan

## Devlopman Piblik

Inite pou Revni Limite 934

Inite nan To Mache a:369

Inite Total: 1 303

Revni pousan Limite: 71%

Devlopman Komèsyal: 108,386 pye kare

## Devlopman Prive:

Inite pou Revni Limite: 296

Inite nan To Mache a:289

Inite Total: 585

Revni pousan Limite: 51%

Devlopman Komèsyal:

68, 595 pye kare

## Devlopman Total:

Inite pou Revni Limite: 1 230

Inite nan To Mache a:658

Inite Total: 1 888

Revni pousan Limite: 65%

Devlopman Komèsyal: 176,981 square feet

# Pregunta en Slido

1. Va a **slido.com**
2. Escribe **1115** en el espacio qu dice “Enter code here”

*Ki sa ou pa ta vle wè nan P3?*






# Enfrastrikti



# Enfrastrikti




Utility Plan - Existing Utilities
Tremont Crossing

December, 2011

BSC GROUP

# Sikilasyon

- Bati Dwa Pasaj Piblik ki pa Asfalte e ki Egziste
- amelyore koneksyon ak rezo riyèl ki egziste (paregzanp Whittier, Tremont, Ruggles, elatriye)



# Rezo Espas Ouvè



# Vwazen P3

**Lekòl Piblik Boston:** Pral voye direktiv pou konsepsyon Madison Park epi lap gen yon reprezantan nan Komite ki Revize Pwojè a.

**BWSC:** Rekòmande pou n pa deplase kondui egou a amwenske nou gen ase finansman. Li pa nesesè.

**Pak:** Si yo enkli pasèl Good Shepperd yo, enkli direktiv konsepsyon pou kèlkeswa bilding yo ki la a ta dwe desann nan direksyon teren jwèt la. Pataje rekòmandasyon direktiv konspesyon yo ak Parks pou yo fè kòmantè. Espas ouvè kòm objektif devlopman enpòtan.

**Legliz Good Shepherd:** Pasèl adjasan yo ap opsyonèl, kondisyonèl pou pwomotè kap vini fè yon kontra endepandan ak Legliz Good Shepherd la.

**Sant Sante Whittier Street:** RFP a pral kenbe angajman an pou 70 espas pakin pou Sant Sante Whittier Street.

**Biwo Lojman Boston ak Prezèvasyon Lojman Abòdab (BHA ak POAH):** BH ak POAH okouran de pwosesis la ak kalandriye a.

# Enkyetid Kominote a

## Kontèks

- kijan nou ka asire ke sit sa a atantif a devlopman sou de bò Tremont Street?

## Sikilasyon Trafik

- Kijan BPDA te panse sou sikilasyon trafik nan sit la?
- Kijan BPDA pral jere BPD ak sityasyon aktyèl BPS pou itilize sit la pou paking?

## Izaj

- Laboratwa ak espas syans sou lavi gen potansyèl pou kreye travay. Si yo mennen l nan zòn nan, fòk se rezidan lokal yo ki pou jwenn travay ladann

## Espas Ouvè

- Ki delè yo bay pou restorasyon anviwònmantal?

## Lojisitk

- Kijan BPDA pral mete pwomotè yo okouran de dat pwosesis sa a, espesifikman sa yo deplase yo pandan Konstriksyon Whittier Choice la?

## Epitou se la a nou ka adrese amenajman ak travay yo?

- Kijan l satisfè RSMP e pa lojman.

# Sa ki fezab

**Sa ki fezab**

Kijan nou ka reyalize objektif sa yo ansanm, youn ak lòt?

# Pwochen Etap yo

## Pwochen miting lan

### Seminè 2:

Itilize kòmantè nan seminè 1 yo epi fè kòmante apre miting lan, pou n kreye amenajman potansyèl sit la.
Priyorize objektif yo nan kontèks tout PLAN: Pasèl Nubian yo ak zòn nan.
Pataje sa ki gen ladan yo epi rekeyi kòmantè sou toulède, Konspesyon ak Pwogram Iben (Urban Design and Program).

### Seminè 3:

Mete tout ansanm! Adrese kesyon nou pat rezoud, revize bwouyon RFP epi deside pwochen etap yo.

### Seminè 4: Yap Annonse l/Si gen nesesite

# Pregunta en Slido

1. Va a **slido.com**
2. Escribe **1115** en el espacio qu dice "Enter code here"

*Kijan ou santi ou sou atelye kap vini yo?*




